

**BIWO JESYON AK BIDJÈ  
MAJISTRA VIL NOUYÒK LA  
AVI POU ODYANS PIBLIK  
PARAPÒ AK  
FINANSMAN GLOBAL POU DEVLOPMAN KOMINOTÈ NAN  
BIWO ETA NOUYÒK LA POU RENOUVÈLMAN KOMINOTÈ**

POU TOUT AJANS, KONSEY KOMINOTÈ, GWOUP, AK MOUN:

Vil Nouyòk (Vil la) pral òganize yon odyans piblik jedi 18 jiyè 2024 la a 6:00 PM nan 120 Broadway, Lower Concourse, New York, NY 10271 nan objektif pou tandé kòmantè piblik la sou pwojè Lwa CARES (CDBG-GV) – Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè aktyèl Vil la:

Nimewo Sibvansyon: 4100CVPS18-21

Montan Sibvansyon an: \$3,997,840

Tit Pwojè yo: Sèvis ak Amèbleman Sante Mantal Jeryatrik pou Fwaye ki te Sanzabri Oparavan yo

Se Biwo pou Renouvèlmán Kominotè Eta Nouyòk la (OCR) ki jere pwogram CDBG-CV a, epi li bay gouvènman lokal ki elijib yo resous pou lojman, devlopman ekonomik, enstalasyon piblik, enfrastrikti piblik, ak aktivite planifikasyon, ki gen objektif prensipal pou benefisyé moun ki gen revni fèb pou rive modere yo. Odyans lan pral bay plis enfòmasyon sou pwogrè pwojè CDBG-CV k ap dewoule a. Yo ap resevwa tou kòmantè ki gen rapò ak efikasite nan administrasyon pwojè CDBG-CV yo nan moman sa a.

Odyans lan ap fèt dapre Seksyon 570.486, Sou-pati I nan Kòd Reglemantasyon Federal Etazini an epi nan konfòmite ak egzijans Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè 1974 la, jan l modifye a.

Anplasman odyans lan aksesib pou moun ki andikape yo. Si yo bezwen aranjman espesyal pou moun ki gen andikap, moun ki gen pwoblèm pou tandé, oswa moun ki bezwen tradiksyon apati lang anglè, moun sa yo ta dwe kontakte [CDBGComments@omb.nyc.gov](mailto:CDBGComments@omb.nyc.gov) omwen twa jou davans dat odyans lan pou pèmèt aranjman ki nesesè yo. Yo ap asepte kòmantè ki ekri tou jiska 2 dawou 2024. Yo ka soumet kòmantè yo bay Julie Freeman, Direktris Adjwen Prensipal, New York City Office of Management and Budget, 255 Greenwich Street, 8th Floor, New York, NY 10007, oswa nan imèl bay [CDBGComments@omb.nyc.gov](mailto:CDBGComments@omb.nyc.gov).

Vil Nouyòk: Jacques Jiha, Ph.D., Direktè, Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra a

Dat: 10 jiyè 2024